

NOVEL ING MANILA TRESNAKU KELARA-LARA

ANGGITANE FITRI GUNAWAN

(Tintangan Sosiologi Sastra)

SITI AYU NURLAILI

Pendidikan Bahasa Dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Ayusan.as@gmail.com

Dosen Pembimbing: Drs. Sukarman M.si

Abstrak

Novel kang asesirah Ing Manila Tresnaku Kelara. Irah-irahan novel Ing Manila Tresnaku Kelara-lara supaya luwih gampang sabanjure dicekak IMTK. Reriptan sastra IMTK iki mujudake sawijine novel kang terbit taun 2011 anggitane Fitri Gunawan. Perkara sajrone IMTK anggitane Fitri Gunawan iki, bisa dipunjerake kanthi mangkene:1. Kepriye perangan sosiologis kang wujud sajrone struktur pambangun crita ing babagan tema, paraga, plot/alur, lan latar? 2. Kepriye unsur sosioal sajrone novel IMTK?. Saka Uderaning panliten kuwi, panliti nduweni tujuwan: 1.Njlentrehake struktur pambangun sajrone IMTK. 2. Njlentrehake perangan sosial sajrone IMTK. Teknik pengumpulan dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi nggunakae teknik pustaka lan cathet. Ing panliten iki analisis data nggunakake pendekatan struktur pambangun minangka dhasar kanggo mahami lan mecahake masalah banjur nggunakake pendekatan sosiologi sastra kang ana ing sajrone novel IMTK.

Abstrak

Novel yang berjudul Ing Manila Tresnaku Kelara-lara. Supaya lebih mudah disingkat menjadi IMTK. Karya sastra IMTK ini mewujudkan salah satu novel yang terbit pada taun 2011 karya Fitri Gunawan. Rumusan masalah diatas, peneliti mempunyai tujuan: 1. Menjelaskan bagian sosiologis didalam struktur embangun cerita didalam tema, paraga, plot/alur, lan latar? 2. Bagaimana unsur sosial novel IMTK?. Dari rumusan masalah peneliti mempunyai tujuan: 1. Menjelaskan struktur pambangun novel IMTK. 2. Menjelaskan unsur sosial didalam novel IMTK. Teknik pengumpulan dara didalam penelitian ini yaitu dengan menggunakan teknik pustaka dan mencatat. Dalam penelitian ini analisis data menggunakan pendekatan struktur pambangun merupakan dasar untuk memahami dan memecahkan masalah setelah itu menggunakan teori sosiologi sastra yang ada dalam novel IMTK.

PURWAKA

Sesambungan antarane anggota masyarakat bakal tuwuh saperangan fenomena kayata adat istiadat, tradhisi, sistem paseduluran, lan sekabehe macem kaidah prilaku, sajrone perspektif tartamtu. Fenomena utawa gejala kuwi kang diarani fakta sosial. Sajrone masyarakat tumrap adat istiadat kang ana bakal nuduhake identitas amarga prilaku kang kaya mangkunu wis ana ing sajrone awake sacara kaseluruhan wis dadi jati dirine.

Masyarakat Jawa mujudake sawijine masyarakat kang uripe tansah linandhesan adat istiadat. Adatistiadat kasebut diwarisake dening para leluhure ing jaman biyen. Kabudayan uga bisa digayutake karo asil reriptane manungsa arupa reripta tulis kang diarani sastra. Sastra kudu bisa nuwuhake kreasi becik sarta endah lan menahi piguna tumrap manungsa. Sastra kudu bisa dadi panggonan kanggo nyalurake ide-ide kang dipikirake lan dirasakake dening pangriptane. Sastra bisa dideleng minangka sawijine gejala sosial. Sastra kang becik ora mung ngrekam apa kang ana ing masyarakat ananging nggambarake sekabehane kasunyatan. Aspek kang paling wigati ing kasunyatan kang prelu digambarake dening pengarang yaiku perkara kemajuwane manungsa. Mula saka kuwi, pangripta kang nggambarake sekabehane kasunyatan ora bisa nyepelake perkara kasebut.

Sajrone novel iki uga bisa digayutake kanthi titingan sosiologi sastra. Prastawa-prastawa kang kinandhut ana ing novel kasebut bakal dianalisis lan digayutake pethikan kang ana kanggo ngandharake apa kang dadi punjering panliten. Novel ing Manila Tresnaku Kelara-lara bakal dititingi nganggo pendekatan sosiologi sastra. Ing jagading kasusastran ana reriptan sastra kang ngandhut dhata sosiologis. Reriptan kasebut akeh-akehe medharake babagan panguripan sosial manungsa. Sosiologi sastra, mligine sosiologi kabudayan pikantuk akeh kawigaten lan nuduhake kawigatenan ngenani panguripan sosiale manungsa.

Fitri Gunawan minangka pangripta novel IMTK, pangripta ngakoni, jroning nulis fiksi luwih seneng nggunakake jeneng singlon Fitri Gunawan kang mujudake rangken jenenge anake loro. Jare, kanthi

jeneng singlon rumangsa luwih sreg nulis ekspresi jiwa lan imajinasine. Pangripta nduweni riwayat kang dawa ana ing jagading panulisan. Sadurunge novel IMTK arupa crita sambung kang dipacak ana ing Kalawarti Damarjati. Pangripta kang produktif ana ing jagading panulisan, karya-karyane uga akeh kang kapacak ana ing majalah basa jawa. Karya fiksi kang tau dipacak ing *Harian Surabaya Post : Kuambil Kembali Bulanku (2004)* lan *Sumur Tanpa Dasar* ana ing basa jawa kasil nulis Ing Manila tresnaku Kelara-lara lan Nglari Woting Atu. Saliyane ikupangripta nulis opini utawa artikel ilmiah populer kang magepokan karo jejibahan saben dina nalika ana ing Kanwil Dedikbud Propinsi Jatim ing Surabaya, kang ditulis ngenani bab-bab kang magepokan karo jagating pendhidhikan, panggulawentahing bocah, babagan sosial lan psikologi, kang sumber ing Surabaya Post (lawas), kompas nasional lan jatim, suara pembaruan, jawa pos, surya, Surabaya news lan Surabaya post (anyar).

Gegayutan karo manungsa lan perkarane sajrone novel IMTK bakal dijlentrehake ngenani nilai sosialogis novel kuwi kanthi titingan sosiologi sastra. Tujuwan saka panliten iki supaya bisa mangerteni kepriye anggane paraga utama kasetyane marang pacangan kang pinisah ana negara manca. Novel IMTK nyritakake kepriye uripe paraga utama kangaran Dini pindhah ana ing negara manca yaiku ing Filipina. Umume wong kang wus pindhah ananegarane wong liya bakal ngelalekake budayane dhewe. Nalika pindhah ana ing Manila. Dini kenal karo Irawan warga negara Malaysia. Irawan kang wis nduwe rasa tresna marang Dini ora sabanjure tumindak sembrana marang wong kang ditresnani, nanging ngatonake tresnane sarana aweh kawigaten lan mbantu sing kinira dibutuhake. Mengkono uga Dini sing senajan satemene ketarik marang priya pideksa kuwi, nanging tetep njaga dhiri amarga ana ing Indonesia wis nduweni Tohari yaiku pacangane. Babagan kuwi nuduhake mungguh Irawan lan Dini wis ngugemi pitutur luhur Jawa lan ngerti empan papane tindak tanduk manut budaya Jawa, ora mung pinter ngetrapake unggah-ungguh basa Jawa sing ndayani luhure trapsila.

Novel kuwi bisa dianalisis sosiologi sastra kepriye anggone paraga utama tumrap pernikahan lan prinsip dheweke tansah nengeneke pendhidhikan tinimbang omah-omah dhisik kang wus dadi tradhisi ana ing kaluwargane. Kepriye Dini bisa tetep setya marang pacangan kang ana ing Indonesia. Dini kang wis percaya lan setya senajan ana ing negara manca dheweke ana sing ngira yaiku Irawan. Ananging Dini kang ngrasa wis diblenjani janji karo Tohari pacangan saka Indonesia ngrasa bingung kepriye anggone milih wong lanang kanggo ngancani uripe slawase.

Kepriye paraga tumrap pernikahan bisa digayutake karo sosiologi sastra. Saka novel IMTK bakal ditindingi kanthi tindingan sosiologi sastra. Amarga ana gandheng cenenge karo masyarakat lan awake dhewe. Kanthi mangkono underaning panliten:

- 1) Kepriye struktur pambangun crita ing babagan tema, paraga, plot/alur, latar lan sudut pandang?
- 2) Kepriye unsur sosioal sajrone novel IMTK?

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur, panliten iki nduweni tujuwan kaya mangkene:

- 1) Njlentrehake struktur pambangun sajrone Ing Manila tresnaku Kelara-Lara.
- 2) Njlentrehake perangan sosial sajrone novel IMTK

Paedah saka panliten, yaiku kanggo menehi sumbang sih pamikiran ing kajian sastra sacara umum, uga menehi greget kanggo ngrembakake kajian sastra kang arahe novel Ing Manila Tresnaku Kelara-lara.

METODE PANALITEN

Methodhe panliten iki bakal ngandharake methodhe kang digunakake kanggo panliten iku dhewe. Methodhe panliten iki bakal ngandharake ancangane panliten, sumber dhata lan dhata, instrument panliten, tata cara ngumpulake dhata, tata cara analisis dhata, lan tata cara nulis asile panliten.

Pendekatan sing digunakake kanggo panliten novel Ing Manila Tresnaku Kelara-laara. Pendekatan sing digunakake kanggo nggambarake deskriptif yaiku intrinsik miturut andharane Nurgiyantoro (2010: 24)

Sumber dhata iki arupa kumpulan novel sing nggunakake basa jawa kanthi asesirah Ing Manila Tresnaku Kelara-lara anggitane Fitri Gunawan kang diterbitake dening Q Publisher Oktober taun 2011. Data sing bakal dianalisis yaiku sumber dhata asli, sumber tangan kapisane panliti.

Dhata sejatine bahan entahan kang dikumpulake dening panliti kang disinaoni (Sutopo, 2002: 73).

Teknik pustaka yaiku teknik kang nggunakake sumber-sumber tinulis kanggo ngasilake dhata. Teknik cathet ateges panulis minangka instrumen kunci kang nindakake pengamatan kanthi tliti, ngarah lan tliti marang sumber dhata primer (Subroto, 1992: 42).

Teknik analisis data yaiku proses nglasifikasikake urutan-urutaning data, ngatur supaya tumuju ing jerone sawijining pola kategori lan sautan uraian dhasar. Ing panliten iki analisis data nggunakake pendekatan struktur pambangun minangka dhasar kanggo mahami lan mecahake masalah banjur nggunakake pendekatan sosiologi sastra kang ana ing sajrone novel IMTK.

TINDINGAN NGENANI STRUKTURAL lan UNSUR SOSIOLOGI

1. Struktural

a. Paraga sajrone IMTK

Sajrone novel IMTK bakal dijlentrehake gambaran paraga ana ing novel kasebut saka segi strukturalisme:

- 1) Muherdini

“Rada, ana wong ayu, pinter, baut njoget, sok-sok lucu barang!”(Gunawan, 2011:30)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Dini bocah kang pinter, pinter njoget lan ayu. Nalika ana Manila dheweke tansah weneh sumbang sih karo kagiyatan kang magepokan karo budaya, tampil ana Kedubes kanthi nampilake Sekabehe kuwi nerangake kepriye sipate Dini.

- 2) Irawan

“Ya pantes ta, Ir, pegawean wis genah, sekolahmu becik, kari ngenteni apa? Wong bagus kaya kowe mokal ora ana prawan sing gelem, malah nguber-uber,

yak-e! Apa maneh mau bengi, Ir, kono nganggo Teluk Belanga, jan gagah, lho! Eni lan Dewi padha ngalembana” (Gunawan, 2011:33)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen irawan wong lanang kang wis bisa bius wong wadon, sapa kang bakal ngerti irawan bakal kepincut marang dheweke kaya mangkunu panemune dini marang irawan. Wong bagus kang kaya Irawan miturut Dini ora bakal ana wong wadon kang ora bakal nolak dheweke.

3) Tohari

“Sewulan sadurunge bapake katimbalan, Hari diundang mulih. Wose, sadurunge katimbalan, dheweke kepingin weruh Hari wis omah-omah...” (Gunawan, 2011:98)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen sadurunge bapake katimbalan kepingin ngerti Hari enggal omah-omah. Hari kang dijdhohake wong tuwane ora bisa nglawan amarga wis dadi panjaluke bapake. Sadurunge Hari nduweni pacangan yaiku Dini kang ana ing Manila sesambungane wiwit SMA. Dheweke ora bisa milih amarga panjaluke bapake kang pungkasan kepingin ngerti supaya Hari bisa omah-omah dirasa ngenteni Dini wis ora kanthi amarga isih kuliah ana ing negara manca supaya bisa nyenengake wong tuwane akhire Hari nikah karo pilihane wong tuwane.

4) Dewi lan Eni

“Aku mung ngungun, dene bodho temen aku iki, bola bali dadi kurban kancakancaku kang ulig. Kober-kobere ngrancang kaya ngene.Edan !” (Gunawan, 2011:111)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Dewi lan Eni nduweni sewu akal kanggo ngakali kancane yaiku Dini. Ngrancang rencana supaya Irawan lan Dini bisa pasangan kang slawase. Eni lan dewi nduweni sipat kang ngakali nanging ing babagan iki kanggo kabecikan ora ana maksud nyatoni. Eni lan Dewi kekancan nalika ana ing Manila dheweke kepingin supaya Irawan karo Dini bisa dadi pacangan saka kuwi Eni lan Dewi nggawe skenario supaya Irawan lan Dini bisa raket anggone srawung.

5) Bu Laras/Ibune Dini

“Kulawargaku kabeh cedhak nyang Ibu, yen dijak ngomong bukak-bukakan luwih gampang. Apa merga Bapak wis ora ana iku?”

“Katone Ibu masrahake kabeh keputusan ing tanganku. Kamangka sejatine ngono ibu ngetes aku, konsisten apa ora marang garis kawicaksanane kulawarga, komitmen apa ora marang pendidikan lan saterus.” (Gunawan, 2011:51)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Bu Laras cedhak karo kabeh anake dadi sosok pengganti bapake kang wis tilar dunya. Bu Laras masrahake apa kang dadi keputusan anake nanging tetep ngelingake apa kang dadi kewajibane. Apa kang dadi tanggung jawabe wong lanang sasuwene iki disangga dhewe kanthi nyekolahake anake. Kabeh anake diwenahi pangerten yen pendhidhikan kuwi dadi babagan kang baku ana sajrone kaluwargane wis dadi tradisi yen nengenake pendhidhikan tinimbang nikah muda. Ananging sekabehane keputusan dipasrahake dening Dini. Bu Laras namung bisa weneh gambaran kepriye amrih benere. Supaya Dini bisa jupuk kaputusan kang bener.

6) Bapak Pribadi lan Bu Siti

“Senadyan wis suwe dadi warga negara Malaysia, pranyata keluwargane Bu Siti isih ngenggoni tata-kramane wong Jawa kanthi kentel. Aku trenyuh lan kurmat. Dadi Irawan ora umuk yen nyritakake kulawargane tetep nguri-uri budhaya Jawa.” (Gunawan, 2011:81)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen kaluwargane Pak Pribadi lan Bu siti tansah nguri-uri budaya Jawa senadyan wis dadi warga negara Malaysia. Ora bakal nglalekake apa kang dadi asal usule pak pribadi. Apa kang wis dipesenake mbah buyute tansah dicekel ngrasa bombong atine amarga bisa nguri-uri budaya Jawa ana ing negara manca. Apa kang diwarisake mbah buyute saiki uga diturunake karo anak-anake supaya mangerteni kepriye budaya Jawa satemene kuwi. Tansah ngenggoni tata karma kang gambarake masyarakat Jawa.

7) Ilham

Ilham minangka kanca Dini kang tingkat pendhidhikane uga dhuwur. Ilham kekancan karo Dini

wiwit SMA, Ilham uga kancane Hari sawunge karo Dini ndadekake Ilham kepincut karo Dini. Ilham uga nduweni tingkatan pendhidhikan kang dhuwur. Bakal dijlentrehake ana ing ngisor.

“Sawise sekolah pantang taun aku lulus, ketampa dadi guru ing Unesa, let nem sasi Ilham uga lulus seka Fakultas Hukum Universitas Airlangga.”
(Gunawan, 2011:53)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Ilham bocah kang mentingake pendhidhikan kabukti saka dheweke lulus saka Fakultas Hukum Unair. Dini lan Ilham wis kekancan wiwit jaman SMA. Amarga semangat sekolahe dhuwur Ilham nerusake kuliah lan ketampa ana ing perguruan negeri kang ana ing Surabaya. Sabanjure ilham uga seneng karo Dini kang pacangan kancane yaiku Hari. Apa kang dirasakake karo Dini wis nuwuhake rasa katresnan ananging dheweke uga sadar amarga Dini pacangane kancane.

8) Bapak lan Ibune Hari

“Kanggo ngawekani bab-bab kang ora becik, Nyak lan Bapak kepingin Neng lan Hari nikah..” Aku langsung slapen, awit kaget, “Nikah siri ya ra papa, Neng! Mas-mase Hari biyen ya ngono!”
(Gunawan, 2011: 48)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen sipate Bapak lan Hari isih ora maju amarga kepingin Hari lan Dini nikah siri kang miturut negara ora sah nanging miturut agama sah, miturute pendhidhikan kuwi nomer loro kang paling penting nikah sabanjure disambi kuliah. Nalika Hari lan Dini isih sawung kepingin yen klorone bisa omah-omah nalika lulus SMA. Miturute ora apik suwe-suwe anggone sawung nanging ora ana iketan.

9) Mas Gun

“Pratandha mengko mudhune keru, awit kudu antri. Mas gun nata rombongan golek posisi sing kepenak, aku ngedum klethikan.”
“Mas Gun golek jaran kanggo wong wadon-wadon, kejaba aku awit ngerti yen aku wedi nunggang jaran.”
“Sawise lelakon iku, sedino rong ndino aku ngrusuhi Mas Gun, njaluk di antar-jemput” (Gunawan, 2011:104)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Mas Gun dadi Mas sing perhatian lan sayang karo Adhine yaiku Dini. Dheweke gelem direpoti saka antar jemput Dini lan golek panggon lan jaran supaya para rombongan kaluwarga bisa nyaman. Ngeterake rombongan saka kaluwargane Irawan menyang Bromo kanggo liburan. Bisa dadi mas kang bisa diandalake nalika Dini butuh bantuan kang mase tansah weneh perhatian.

10) Mbak Sri

“Bubar iku, aku dijak Mbak Sri mulih nyang daleme Bu Siti, saiki sing nyopir X-Type Mbak sri. Irawan mbuh menyang endi. Ing kalodhangan mau Mbak Sri crita riwayat kulawargane...”
(Gunawan, 2011:81)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen mbak sri nuduhake sipat kang grapyak marang sapa wae kang dikenal. Mbak sri kang lagi wae kenal Dini wis crita riwayat kulawargane. Dini kenal nalika teka ana ing nikahane Kesit Adhine Irawan. Senadyan wong Malaysia dheweke tansah ngugemi tata karma amarga sadurunge wis dikenalake dening wong tuane kudu tansah nguri-uri budaya Jawa kang diwarisake dening mbah buyute.

11) Kak Titin

“Mbak Titin menehi sasmita kanthi kedhep, karepe aja banter-banter. “Mulane dak openi, ibune seda konduran. Nalika nglairake *blooding*. Ora ketulungan!”
“Hari isih ijen, durung omah-omah meneh. Jare pengin nata ati. Mula anake da, Din!” (Gunawan, 2011:164)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Kak Titin lila yen ngrumat anake Hari kang anake Adhine kang ditinggal garwane seda konduran nalika nglairake. Sabanjure anake diopeni, Hari isih ijen lan dadi dosen ana ing Denpasar. Kak Titin wis ngagep anake Hari kaya anake dhewe. Hari ora bisa ngrumat anake dhewe amarga kahanane dheweke kang kudu pindhah ana Denpasar dadi dosen.

b. Plot

Plot diperang adhedhasar pamedane kriteria urutan wektu. Urutan wektu kang dikarepake yaiku wektu kedadeyane prastawa-prastawa kang dituduhake sajrone

crita. Kanthi teoritis plot bisa diperang ing antarane plot lurus/maju, plot *flashback*/sorot balik, lan plot campuran (Nurgiyantoro, 2010: 153).

1) Tahap Awal

“saka Indonesia kabeh ta mbak?”
“Katone piye?” Eni sing mangsuli kanthi ngguyu nggleges.
“Adate yen ayu-ayu, tur luwes, mesthi tangga dhewe, ka Indonesia!”
“kenalke mbak aku Irawan!”
“Muherdini”
“kuliahe ana ngendi mbak?” pitakone irawan
“kok ngerti yen kene mahasiswa?”
“apa ana TKW sing tuku bukune *David Osborne* lan *Ted Gaebler*? Yen TKW adate tuku ponsel, utawa barang elektronik” dheweke mbadhe kanthi pratitis.” (Gunawan, 2011:7)

Pethikan ing dhuwur bisa kagambar yen Dini, Dewi lan Eni uga irawan kuwi saperangan paraga kang ana ing novel IMTK. Ana ing pethikan ing dhuwur nyritakake nalika Dini, Dewi lan Eni lagi ana ing *gerai* es krim kang ana ing Manila kondhang enake, nalika kuwi Irawan ngajak kenalan sadurunge wis ketemu ana ing supermarket nyindir Dini nalika ora ngantri ana ing kasir. Saka kuwi Irawan ngenalake yen dheweke saka negara tangga, yaiku Malaysia.

2) Tahap Tengah

“Din, ing Indonesia wis ana sing njiret atimu?” Praupane Irawan angles, kebak mendhung kesedhihan. Peteng, timbrenge. Aku langsung menyang inti persoalan, blaka suta. “Ir,..” Dak cekel tangane anyep. “Sepurane sing gedhe, ya? Daksuwun marang pengeran muga enggal oleha ganti!”
Irawan manthuk, ning katon yen abot.

“Ora apa-apa, Din! Pancen durung jodhohku! Ning yen kowe pancen diparengake Pangeran kanggo aku, mesthi ora kurang dalan. Dakkandhani, Din, salawase uripku lagi ping pindho aku kasmaran.....” (Gunawan, 2011:34)

Pethikan ing dhuwur kagambar yen nalika Irawan nyatakake prasaane marang Dini dheweke kepingin mastekake apa Dini ana sing njiret atine ing

Indonesia. Ananging Dini ora gelem blaka amarga ing Indonesia ana kang ngenteni, Irawan kang bisa nampa kasunyatan bisa nampa kanthi ati gedhe minangka jejodhowan kuwi wis ana sing ngatur dalane.

3) Tahap Akhir

“Din sepurane sing gedhe, ya?” Aku ora duwe niat ora setya! Kabeh mau merga kahanan”
“Sudahlah Har, aku wis ngerti kok, siji bae Har panajalukku...”
“Apa, Din?”
“Kowe kudu nglalekake aku! Dak suwun kabeh kenangan karo aku kudu kabusek, supaya sisihanmu ora kesiksa batine. Bisa ya, Har?”
“Muga-muga bisa, nadyan angel mbok menawa!” (Gunawan, 2011:102)

Pethikan ing dhuwur kagambar yen Hari njaluk ngapura marang Dini amarga dheweke ngrasa salah wis ninggal lan blenjani janji ananging sekabehe kuwi krana kahanan. Dini kang mung siji panjuluke supaya enggal nglalekake sing dadi kenangan saklorone supaya ora gawe catu atine bojone Hari. Kalorone ketemu nalika Dini teko ana ing pamakamane Ibune Hari. Kapisan ketemu sawise sesambungane pedhot amarga Hari nikah. Dini wis nglilakake Hari kang dadi garwane wong liya dheweke ora kepingin nggawe atine wong wadon liya amarga cemburu karo dheweke.

c. Latar

(Nurgiyantoro 2010:233) Unsur latar diperang dadi telung unsur pokok, yaiku panggonan, wektu, lan sosial. Ketelune nduwenu unsur kang nawarake masalah kang beda lan bisa ngomong dhewe. Nanging kanyatane anane sesambungan anatarane siji lan liyane.

Latar panggonan kang digunakake arupa panggonan-panggonan saka jeneng panggonan tartamtu, inisial tartamtu, lokasi tanpa ana jenenge. Migunakake latar panggonan karo jeneng-jeneng tartamtu uga kudu gambarake, utawa pada lan sesuai karo *geografis* panggonan kasebut.

1) Manila

Latar panggonan nalika ana ing Manila kagambar ana ing pethikan ing ngisor.
“Rikala semana lagi rong ndino aku ngancik kutha Manila. Jan persis kaya wong ndeso

cedhak loteng! Anggonku mlaku-mlaku menyang Land Mark (jenenge mall) ing Makati rak mung dapur ngubyuki kanca...” (Gunawan, 2011:3)

Nalika ing Manila Dini lan kanca-kancane lagi rong dino sabanjure dheweke lan kancane pada dolan menyang Landmark mall kang ana ing Manila. Jelas nuduhake yen lagi ana ing Manila.

2) Gedung Embassy

Latar panggonan nalika ana ing Gedung Embassy bakal dijlentrehake ana ing pethikan ngisor.

“Tekan Gedung Embassy ing Bell Air kene wong telu langsung njujug ruwang rias.” (Gunawan, 2011:20)

Pethikan ing dhuwur kagambar yen Dini lagi wae teka ana ing gedung Embassy ing Bell Air sabanjure njujug ana ing ruwang rias. Ana gedung Embassy Dini lan kanca-kanca liyane bakal nampilake kesenian saka daerah kanggo ngramekna pitulas agustus ana Manila.

3) Kuala Lumpur

Latar panggonan nalika ana ing Kuala Lumpur bakal dijlentrehake ing ngisor.

“Tekan Kuala Lumpur wis watara jam pitu wengi. Ing pabean Kuala Lumpur International Airport pemeriksaan cepet, ora ana bab kang angel. Kayane Irawan wis ditepungi kabeh petugas Bandara, maklum mulih nyang omahe dhewe...” (Gunawan, 2011:77)

Pethikan ing dhuwur bisa kagambar yen nalika kuwi lagi ana ing Kuala Lumpur lagi wae transit ana ing bandara. Teka kuala lumpur jam pitu bengi prosese ora suwe amarga Irawan wis akeh sing kenal karo pegawaine.

4) Jakarta

Latar panggonan nalika ana ing Jakarta bakal dijlentrehake ing ngisor.

“Tekan Jakarta aku golek tiket menyang surabaya langsung, tujune oleh, flight pungkasan jam wolu bengi. Ora papa, toh mulih menyang omahe dhewe...” (Gunawan, 2011:96)

Pethikan ing dhuwur kagambar yen nalika kuwi Dini lagi wae teka ana ing Jakarta sabanjure arep mabur

menyang Surabaya tujune oleh *flight* kang pungkasan dadi bisa langsung mulih ketemu kulawargane ana ing omah kang sasuwene iki ditinggal.

5) Juanda

Latar panggonan nalika ana ing Juanda bakal dijlentrehake ana ing ngisor.

“Ing Juanda dipethuk kangmasku. Tekan ngomah ngobrol ngalor nidul kangen-kangenan nganti wengi” (Gunawan, 2011:97)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Dini lagi wae transit ana ing juanda sabanjure kang dipethuki kangmase kang sabanjure nalika ana ing omah kangen-kangenan amarga wis suwe ora ketemu. Nalika kuliah ana ing Manila Dini mung kirim surat karo Ibune ora tau mulih.

6) Bromo

Latar panggonan nalika ana ing Bromo bakal dijlentrehak ana ing ngisor.

“Dumadakan Mas Gun sing tansah ngincer seka lensa kamerane mbengok, “*look over there!*” Ora mung rombonganku, nanging kabeh wisatawan, ~akeh sing seka luar Negeri~, nyawang arah sing dituding Mas Gun. Ing langit sisih kana semburat cahya abang, saya suwe saya padhang, sabanjure katon srengenge kang abang mbranang, gedhe banget, saya suwe saya duwur” (Gunawan, 2011:136)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen suasane lagi ana ing ing bromo amarga kang dadi daya tarik wisatawan yaiku srengenge kang abang mbranang kang dadi icon ana ing Bromo. Akeh wisatawan saka luar mung kanggo nontok srengenge. Kang paling kondhang ana ing Bromo mung srengenge abang kang katon endah.

7) Sidoarjo

Latar panggonan nalika ana ing Sidoarjo bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

“Nalika Irawan turu, aku karo Mas Gun engal mlayu menyang Sidoarjo. Golek oleh-oleh ing toko langganan krupuk urang lan sapanunggalane. Tekan ngomah wis meh jam pitu. Mas Gun pamit mulih arep ngleyeh sedela.” (Gunawan, 2011:135)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Dini lan Mas Gun lagi onok Sidoarjo golek oleh-oleh kanggo tamune, yaiku Irawan. Sidoarjo kang kondang karo oleh-oleh krupuk urang lan otak-otak bandeng. Saben daerah pasti nduweni oleh-oleh khas, tujune Dini asale saka Sidoarjo dadi dheweke menehi Irawan oleh-oleh khas Sidoarjo.

a) Wektu

Masalah wektu karya naratif, (Genette, sajrone Nurgiyantoro 2010:231) nduweni makna ganda: sepisanan nyaranake ana ing wektu pencritaan, wektu ngripta crita, lan pihak liyane gambarake saka wektu lan urutan wektu kang kedadeyan lan dikisahake sajrone crita. Latar wektu ana ing IMTK Bakal dijlentrehake ana ing ngisor.

“Tanggal 17 Agustus 2003 watara jam papat sore, mobil jemputan seka Embassy wis teka. Aku nggawa tas gedhe, awit isine anggon-anggon joget gambyong, klebu sanggul (gelungan palsu)barang. Wiwit biyen karo Departemen wis dielikake supaya nggawa piranti tari sing dikuwasani. Dadi ya senadyan repot tetep daklakoni. Sing cetha aku wegah nggawa pakeyan sing nganggo irah-irahan kaya dene Gatot kaca gandrung, nadyan aku seneng njogetake, jalaran prabote akeh banget : kuluk, keris, kutang antakusuma lan sapanunggalane. Lha yen busana joget putri rak kena dienggo gantenan, gambyong kena, golek rantya utawa srimpi ya kena. Ringkes” (Gunawan, 2011:20)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen crita ing novel IMTK lagi ana ing taun 2003. Nalika kuwi lagi ana ing kedubes kang lagi ana acara. Saka perwakilan mahasiswa wis diutus kanggo ngisi acara tujune kanggo ngisi acara pitulisan ana ing Embassy nampilake tarian gambyong. Piranti-piranti kang digowo Dini kanggo nari gambyong salah sijine sanggul.

b) Latar Sosial

Latar sosial nyaranake saka kedadean kang sesambungan karo sipat sosial masyarakat ana ing panggonan tartamtu kang diceritakake sajrone karya fiksi. Tatanan sosial masyarakat kang dicritakake kang nyakup

masalah sosial kang kompleks. Kahanan sosial ana ing IMTK bakal dijlentrehake ana ngisor.

“Kanggo ngawekani bab-bab kang ora becik, Nyak lan Bapak kepengin Neng lan Hari nikah...” Aku langsung slapen awit kaget, “Nikah siri ya ra papa, Neng! Mas-mase Hari biyen ya ngono!”

“Padha bae, tradhisine kulawargaku ya ngono iku, Din. Saiki aku pasrah kowe bae. Mas-mas lan Mbakyuku biyen ya ngono! Lulus SMA langsung nikah siri, yen are nerusake kuliah ya ora papa, sing penting wis resmi!” (Gunawan, 2011:49)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen nikah siri lan

kawin muda isih akeh ana ing IMTK tuntutan supaya ora dianggep elek karo wong liya. Babagan pendhidhikan dianggep kang nomer loro kang luwih penting bisa omah-omah lan mbangun kaluwarga supaya ora nimbulake pitnah. Nikah siri kang ora diakui negara uga dianggep lumrah, sah miturut agama nanging ora dakui negara. Kahanan kang kaya mangkono akeh dialami karo masyarakat awam kang luwih milih nikahake anake tinimbang nyekolahake.

Sabanjure pendhidhikan kang dianggep paling utama ana ing kaluwargane Dini. Kawin muda dianggep isih ora lumrah bab kang paling wigati yaiku pendhidhikan. Bakal dijlentrehake ana ngisor.

“Sepisan Din, kowe isih eling ta, tradhisi lan komitmene kulawargane dhewe kang utama ing babagan pendidikan. Lire, tumrap kaluwarga kita, sekolah mujudake prioritas penting. Umpamane kowe tetep sekolah, nanging wis kaiket dening Hari, kowe bisa mbayangake rasane wong terikat, jelas ora bebas. Sapa sing njamin yen kowe utawa Hari ora ketarik marang wong liya, kanca kuliah umpama? Saiki rumangsamu padha tresnanae, ning cinta monyet! Sapa sing njamin yen bisa langgeng?”

“Aku durung siyap kawin enom, utamane marang resiko-resikone. Jujur, iki mujudake bab kang ngeget-geti! Salawase iki durung nate ana kulawargaku sing lulus SMA sabanjure omah-omah! Tetimbangane, lulus SMA dianggep kenomen, durung nyukupi syarat bilologis, mental, sosial lan ekonomi! Bares aku isih seneng ubyuk-ubyuk, srawung lan kanca akeh. mula Har, kanggo ngawekani iku mau aku duwe pilihan-pilihan” (Gunawan, 2011:51)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen kaluwargane Dini adate lulus SMA ora langsung nikah nanging nerusake kuliah amarga babagan pendhidhikan kuwi dianggep kang paling wigati. Dini uga ora sarujuk yen dheweke bakal dijiret karo Hari sawise lulus SMA amarga masalah ekonomi, biologis, mental uga sosial dianggep durung mumpuni. kahanan kang kaya mangkono ana ing masyarakat kang sadar anane pendhidhikan. Ibune dini kang wenenhi pitutur karo Dini supaya ora salah anggone njupuk keputusan. Apa kang bakal dadi kepututsane Dini bakal ditampa.

d. Tema

1) Tema mayor

Tema mayor utawa tema pokok sajrone IMTK ngenani pernikahan. Paraga utama kang luwih mentingake pendhidhikan tinimbang nikah lan kawin mudha. Saka kuwi paraga utama kang nganthi luwih milih nerusake sekolahe tinimbang nikah. Pendhidhikan kang dianggep luwih penting anggone omah-omah lan kepriye carane supaya milih wong kang pas kanggo calon selawase urip, ana ing kene paraga utama kang pendhidhikane dhuwur uga nduweni prinsip kepriye anggone jaga prasetyan marang pacangan. bakal dijlentrehake ana ing ngisor.

“Aku durung siap kawin enom, utamane marang resiko-resikone. Jujur, iki mujudake bab kang ngeget-geti! Salawase iki durung nate ana kulawargaku sing lulus SMA sabanjure omah-omah! Tetimbangane, lulus SMA dianggep kenomen, durung nyukupi syarat biologis, mental, sosial lan ekonomi! Bares aku isih seneng ubyuk-ubyuk, srawung lan kanca akeh. Mula Har, kanggo ngawekani iku mau aku duwe pilihan-pilihan.”(Gunawan, 2011:51)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Dini durung siap kawin enom lan anane resiko-resiko kang sajrone omah-omah bab kang durung nyukupi syarat biologis, mental, sosial lan ekonomi. Dini kang sawise lulus SMA bakal dijak nikah Hari yaiku pacangan dianggep durung wektune. Isih seneng ubyuk-ubyuk lan srawung karo

kanca-kanca iku mau pilihan kang dianggep Dini durung siap anggone omah-omah.

2) Tema Minor

Tema minor utawa tambahan sajrone IMTK yaiku antara liya ngenani Pendhidhikan lan Budaya. Anane saperangan tema minor kasebut nyengkuyung tema mayor kang ana sajrone novel IMTK. Andharan saka tema-tema minor kasebut bisa dideleng kaya ing ngisor:

(1) Pendhidhikan

Tema ngenani Pendhidhikan kang ana ing IMTK bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki.

“Sepisan Din, kowe isih eling ta, tradhisi lan komitmene kulawargane dhewe kang utama ing babagan pendidikan. Lire, tumrap kulawarga kita, sekolah mujudake prioritas penting. Umpamane kowe tetep sekolah, nanging wis kaiket dening Hari, kowe bisa mbayangake rasane wong terikat, jelas ora bebas. Sapa sing njamin yen kowe utawa Hari ora ketarik marang wong liya, kanca kuliah umpamane? Saiki rumangsamu padha tresnane, nin cinta monyet! Sapa sing njamin yen bisa langgeng?” (Gunawan, 2011:50)

Pethikan ing dhuwur nuduhake anane unsur pendhidhikan nalika Ibune Dini ngelingake yen tradhisi sajrone kaluwargane yaiku pendhidhikan kang paling utama saiki mung cinta-cinta monyet ora bisa njamin bisa langgeng amarga isih pada durung cukup umure kanggo omah-omah. Miturut Ibune Dini sawise nikah nempuh pendhidhikan bakal ora bisa konsentrasi. Ngelingake yen nalika omah-omah kuwi wis terikat bakal ora bebas marang wong liya.

(2) Budaya

Tema budaya sajrone novel IMTK bakal dijlentrehake ana ing ngisor.

“Nanging bareng Ladrang Pangkur Laras Pelog Patet Barang keprungu seka kaset kang disetel, kanthi pambuka unine kendhang kang santhak lan seru.... Naging praupan tansah katon berag lan gembira, kanthi mesem tan kendhat. Kamulyaning seniman mono rak yen dhong kadhapak paraga kang dilakoni ngene ik. Saka behing kekuwatan, roh lan raga lebur njiwani joget kang dilakoni.... luhku ora bisa dak pambengi. Aula kedubes kaya jebol-jebola dening

keploke para tamu kang padha gawok. Matur nuwun Gusti, slamet-slamet ora ana solah joget kang lali.” (Gunawan, 2011:21)

Pethikan ing dhuwur nuduhake anane unsur budaya kang dilestarekake sajrone novel IMTK. Nalika Dini nari ana ing kedubes dheweke nampilake tarian gambyong kang saka Jawa tengah. Para tamu ngapresiasi saka keploke para tamu kang padha gawok, yen tarian gambyong isih tansah dilestarekake. Dini kang lagi ana Negara manca tansah nguri-uri budaya asale dheweke lair. Ngenalake kepriye tarian saka Jawa.

e. Sudut pandang

Sudut pandang, *point of view*, nyaranake saka cara crita. Minangka cara utawa panyawang kang digunakake pangripta dadi sarana kanggo nampilake paraga, latar, lan prastawa kang mbangun crita sajrone karya fiksi marang pamaos (Abrams sajrone Nurgiyantoro 2010-246)

Novel IMTK nggunakake sudut pandang persona kapisan, yaiku narator kang nganggo gaya “Aku” kang ana sajrone crita. Babagan iki mau bisa dibutekake kanthi pethikan ing ngisor.

“Aku ora wangsulan. Ngungun, teka ana mahluk ruang angkasa bisa caturan basa Jawa. nom-noman mau wis rampung mbayar blanjane, sabanjure giiranku. Bubar mbayar, Dewi lan Eni wis ngenteni karo ngguyu kemekelen”

“Lha ya iku lho sing takkarepke! Trembelane tenan kok! Sontoloyo bocah iku mau. Coba sapa sing ora mangkel! Wong sing ndesit mung aku je wong sak Indonesia digebyah uyah kabeh!”

“Digebyah uyah piye?”

“Jarene wong Indonesia iku gampang titen-titenane. Sauger ora disiplin, srudag-srudug, ora gelem antri, ora tertib, jarene dijibne mesthi wong Indonesia. Apa atiku ora mrina?” (Gunawan, 2011:5)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen ana ing novel IMTK ana sajrone crita dadi “Aku” kang sudut pandang persona kapisan. Sajrone crita kasebut “Aku” kang dadi paraga utama, yaiku Dini

2. Unsur Sosiologi

Perangan sepisan sing bakal dirembug yaiku unsur sosiologi sajrone novel IMTK taun 2011. unsur sosial sing ana sajrone ngenani paraga utama anggone njaga prasetya marang pacangan, paraga utama ngadhepi pernikahan lan pendhidhikan, nguri-uri budaya Jawa. ing ngisor iki bakal dijlentrehake siji mbaka siji unsur-unsur sosiologi kasebut.

a. Njaga Prasetya Marang Pacangan

Nalika ana ing negara kang adoh wong kang lagi pacangan kuwi kebak duh kita anggone nglakoni kepriye supaya tansah bisa jaga kapercayan marang pacangan supaya ora nuwuhake pituduh kang bisa ngowahi saklorone dadi masalah. Wis lumrah anggone wong pacangan kudu anane prasetyan lan rasa percaya marang pacangan. Rasa percaya bisa agawe reraketan karo pacangan ngrasa dipercaya lan percaya kuwi penting amarga yen wong kang ora nduweni kapercayaan bakal angel nglakoni sesambungan kang pinisah jarak. Ana ing novel IMTK iki anggone paraga utama jaga prasetyan bakal dijlentrehake ana ing ngisor.

Sabanjure Dini ana ing Manila uga ana wong lanang kang tansah nguber dheweke yaiku Irawan kang wis kepincut karo Dini. Bakal dijlentrehake ana ing ngisor.

“Moso kowe ora krasa Din ?”

“Krasa. Ing kene hawane isis, seger!” irawan mandeng aku. Atiku kumesar ora karuh-karuhan, jan kacau balau! Seka mripate Irawan kang ireng kekekncar asmara kang makantar-kantar. Aku malah wedi.

“Ir, aja nyawang aku kaya ngono!” nanging dheweke ora ngelegawa.

“Din, ing Indonesia wis ana sing njiret atimu?” lha rak tenan. Aku ora age mangsuli, nata ati. Nanging pungkasan nalarku, luwih becih aku jujur lan blaka apa anane. Dadi dheweke ora nggege mangsa.

“Kancaku SMA biyen, Ir! Wiwit kelas loro, dheweke Fisika, aku IPA, padha-padha pengurus OSIS. Yen daktinggal mesakke, ta?” praupane Irawan angles, kebak duh mendhung kesedhihan. Peteng, timbreng. Aku langsung menyang inti persoalan, blaka suta. (Gunawan, 2011:34)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Irawan kang lagi nandhang tresna karo Dini dheweke ora bisa mbendung apa kang ana ing atine. Dini kang ora gelem ngewahi harapan supaya ora nggege mangsa lan Dini uga ora gelem ninggalake pacangan kang wis setya nunggu ana ing Indonesia. Wis suwi anggone Dini pacangan karo Hari wiwit SMA. Irawan kang ngrasa kuciwa praupane langsung angles, kebak mendhung kesedhihan rumangsa tresnane ora kewales. Dini kang ora gelem kakean omong langsung ngomong apa anane lan gawe atine Irawan loro ananging luwih becik diomongake awal tinimbang Irawan tansah ngarep karo Dini kang wis duwe pacangan.

Dini kang setya lan ora bisa ninggalake Hari kang wis ngenteni ana ing Indonesia. Bakal dijlehake ing ngisor.

“Suwalike, aku uga ora bisa nglalekake hari kang berjuang keras ing Bukit Jimbaran. Apa ya tega aku nguciwakake lan ngurbanake kesetyane?”
(Gunawan, 2011:62)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Dini ora tega gawe atine Hari catu lan ngurbanake kesetyane amarga dheweke kang lagi berjuang ana ing bukit Jimbaran. Rasa kang kaya mangkunu kuwi dianggep wis prinsip rasa saling njaga lan ora bakal ninggalake pacangan siji lan sijine tetep setya marang pacangan.

b. Tumindhak Sedheng

Wong kang tumindak sedheng yaiku wanita utawa priya kang wis nduweni sisihan nanging slingkuh utawa nyleweng karo priya utawa wanita liya. Sipate luwih nuruti rasa seneng tumrap kang nindakake lan ditindakake kanthi meneng-menengan kanggo ngedohi pihak liyane supaya ora ngerti. Tumindak sedheng kasebut uga ditemokake ing novel IMTK kang dilakoni dening Tohari.

“Sing sabar, Ndhuk, suwene anggonmu sesambungan karo Hari durung dadi jaminan bakal dadi. Eling ta, rejeki, jodho lan pati mono among paringane Gusti. Dadi mbok menawa Hari pancen durung ditetepake dadi jodhomu!”
“karo sapa, Bu, anggone omah-omah Hari?”

“Dulure misanan, saka fihak Ibune”
“Sokurlah, muga-muga lestari”
(Gunawan, 2011:99)

Nalika Dini mulih saka Manila krungu pawarta yen Hari wis omah-omah karo wong liya. Hari kang tumindak sedheng nalika ditinggal Dini ana Manila amarga kahanan, wong tuwane Hari kang jodhohake karo misanan saka fihak Ibune. Hari kang ora bisa nolak apa kekarapan panjaluke Bapake sadurunge seda kepeksa mblenjani janjine karo Dini. Apa kang dijaga Dini pranyata pedot ana dalan sawunge karo Hari sasuwene iki pisah amarga kahanan kang ora bisa ditolak. Dini bisa nampa kanthi pasrah lan nrima apa kang wis dadi papesthening.

c. Nenekahan lan Pendhidhikan

Nenekahan ora mung njangkepi printahe agama, nanging ngrembakake naluri para leluhur, kanggo mujudake sawijining kulawarga sesambungan kang dialami priya lan wanita kang wis tumekaning balewisma iku, ditemtokake lan diawasi sistem norma-norma kang digawe pedhoman sajrone masyarakat (Purwadi, 2005:154). Sajrone IMTK nenekahan bakal dijlehake ing ngisor.

“Jenenge wong nikah, mesthi ana tanggung Jawab! Ora mung tanggung-Jawab moral lan sosial, nanging uga ekonomi! Jujur ibu ora sanggup yen nragati sekolahmu karo nanggung beban sisihanmu, toh nyatane Hari durung bisa mandiri lan durung duwe pengasilan.”(Gunawan, 2011:50)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen babagan nenekahan kuwi ora mung tanggung Jawab moral lan sosial ananging kudu mikirake apa kang bakal dadi kabutuhan ekonomi sajrone kaluwarga. Hari kang durung bisa mandiri lan durung duwe pengasilan. Sacara mental lan finansial durung mumpuni kanggo omah-omahan. Kamangka nikah kuwi digawe slawase urip.

Hari kang kudu nuruti apa kang dadi panjaluke Bapake sing terakhir ora bisa nolak amarga panjaluke sadurunge Bapake ninggal kepingin ngerti Hari nikah,

sabanjure Hari dijodhohake karo kaluargane Ibune. Bakal dijlentrehake ana ngisor.

“Sewulan sadurunge bapake katimbangan, Hari diundangmulih. Wose, sadurunge katimbangan, dheweke kepingin weruh Hari wis omah-omah...”

“Wong tuwa kuwi adate pancen ngono, Wuk, ana bae karepe kanggo nuruti egone. Ibu dhewe kira-kira ya ngono, yen bisa sadurunge kapundhut wis ora ninggal kokohan. Lire, wis ora ana anake durung mentas utawa durung omah-omah...”

“Karo sapa, Bu, anggone omah-omah Hari?”

“Dulure misanan saka fihak Ibune”(Gunawan, 2011:99)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Hari ninggal Dini lan nuruti apa kang dadi panjaluke Bapake supaya enggal nikah. Amarga Hari ora bisa nolak lan kudu tansah ngabekti marang wong tuane. Hari nikah karo wong wadon kang dipilihake saka pihak Ibune. Nalika wong tua sadurunge kapundhut kang dadi kepinginane, yaiku kepingin anake wis padha urip kepenak lan omah-omah.

d. Nguri-uri Budaya Jawa

Budaya yaiku ngenani pambeda (distinctiviness) klompok-klompok sosial kang nduweni identitas. Para sosiolog nduweni ketertarikan marang saperangan norma lan nilai kang nduweni pawarta tindak tanduk klompok, karo makna kang nglakoni saka tindak tanduk kasebut, lan marangproduk kang di nduweni saka klompok kasebut uga nduweni makna kang ana gandheng cenenge. Sajrone novel IMTK latar budaya lan tradhisi tansah dadi nyawaning crita. Nalika ana ing negara manca nguri-uri tradhisi dadi kahanan kang rada angel amarga wis ana ing negara kang beda.

Nalika Dini ana ing Manila dheweke uga tansah nguri-uri budaya Jawa kang wis dadi jati dirine. Dini nduweni kalebihan yaiku nari tradhisional Jawa kang sering ditampilake nalika ana acara ing kedubes. Bakal dijlentrehake ana ing ngisor.

“Ya padatan saben tanggal 17 Agustus ngankake resepsi pitulasan, dene acara hiburane dipasrahake marang mahasiswa sing nduweni kaprigelan bab seni budhaya.

Timbang mbuwang wektu kesuwèn kene wong telu sanggup urun lagu duet Eni lan Dewi, sabanjure aku urun joget gambyong. Susunan acarane, sadurunge acara seremonial diwiwiti, dibukak nganggo joget gambyong, kanggo narik kawigatene para tamu. Dene Eni lan Dewi kang bakal nyanyi keroncong Tanah airku dipasang ing tengah-tengah acara.”(Gunawan, 2011:17)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Dini lan kanca-kanca liyane lagi ngadhakake rapat kanggo acara pitulasan. Nampilake apa kang dadi budayane nari gambyong tarian saka Jawa. ana ing kene nunjukake anane nguri-uri budaya lan tradhisi kamangka ana ing negara manca. Eni lan Dewi urun lagu keroncong lan nggawe busana adat daerah nalika ana ing tengah-tengah acara sabanjure Dini urun njoget gambyong nalika pambuka.

e. Nilai-nilai Sosial

1) Sadar Diri

Manungsa sing bisa mangerteni saka ngendi asale lan apa tujuwane. Dadi manungsa bisa milih lan milih. Sadhar diri tegese mangerteni apa kang dirasake diri pribadhine. Apa kang dadi kekeparepan ana ing atine kang mujudake kesadharan diri kang ditimbulake saka pangrasane manungsa kang paling ngisor, sadar sapa dheweke lan ana ngendhi papan panggone. Mangerteni kahanan diri pribadhine. Paraga sajrone novel sing nduweni patrap sadhar diri yaiku Dini. Bakal dijlentrehake ana ing ngisor.

“Irawan nggandheng tanganku. Mbisiki ing kupingku, “ben kaya ora wong siwakan, Dhin!” dheweke ngajak menyang counter *Houte Couter* (otkutur) kanggo wanita, rancangane perancang donya kondhang, kayata *Ivest Saint Laurent, chanel, Piere Cardin, Cristina La Croix* lan sapiturute. “Miliha, Din” Mrentah. “Luwih becik sediaan dhisik, yen sida menyang manten mengko nggonen, yen ra sida ya ora papa, nggo koleksi bae, kapan-kapan yen ana perlu lagi dienggo!” “Ir, penari gambyong nyang manten ya ora menganggo ot-kutur, ta Mas! Mesthi nganggo kebaya lan jaritan, lali? Indonesia

je!” Aku ngelem marang cepete pamikirku nggo nampik kabecikane Irawan, ning kanthi alus. Wong karoban kabecikane liyan iku ora apik. Tundhone yen ngrasa kapotangan budi njur ora rasional, patah siku, ora bisa nampik kekarepaning liyan ing sabanjure. Tundhone uripe njur kaya dikendhaleni wong liya, ora wani nolak samubarang karepe wong kang wis nandur kabecikan. Paribasa kamardikan, awit wis kagadha.” (Gunawan, 2011:70)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Dini sadar diri menawa dheweke ora pantes menganggo busana perancang terkenal sadunyo. Dini ngerasa dheweke mung penari gambyong kang lumrahe nalika ana nikahan bakal nganggo kebaya lan jarit. Irawan kang nawarake supaya milih salah sawiji amarga bakal digawe menyang nikahane adhike kang ana ing Malaysia. Irawan matur menawa ora sida bisa digawe koleksi ana ing lemari. Amarga Dini kang dhasare bocahe ora kepenakan supaya ora dianggep nampik kabecikane dheweke matur kanthi basa kang alus supaya Irawan ora nganti loro ati. Miturute Dini nalika wis kejiret kabecikane wong liya mengko bisa nduweni rasa kapotangan budi ora bisa nampik kekarepaning liyan ing sabanjure.

2) Gelem Tetulung

Miturut Santoso (2011:16) nduweni pamawas ngenani rasa tetulung marang liyan, kaya wejangané para sesepuh Jawa yaiku “nulung sapepadhaning titah aja mikir wadhuk, kanthong, lan wayah. Awan bengi yen turah isining kendhi lumunturna marang sesami”. Dadi tetulung marang sapepadha ora usah nggunakake tetimbangan sing rena-rena. Kaya wong sing urip ing gunung merbabu sing nggunakake unen-unen “sapa luwih ora kena muni luweh”. Manungsa minangka mahluk sosial tegese manungsa kuwi ora bisa urip tanpa tetulunge wong liya kudu tansah bersosialisasi. Amarga manungsa ing dunyo iki tansah aweh pitulungan marang sapada-pada. Sajrone novel IMTK paraga kang nduweni rasa tetulung bakal dijlenrehake ana ing ngisor.

Pawongan papat wis ngentekake es-krim, tanpa ana sing ngabani njur ngadeg bareng. Irawan ndhisiki tumuju kasir lan menehi sasmita, yen kabeh dibayar pisan. Mesthi bae Dewi lan Eni ngaturake panuwun, karo guyon parikena, “Mas, matur nuwun banget lho! Kapan-kapan menehi ya?” Irawan manthuk lan mesem, “*Why not?*” wangsulane semanak. Karo mlaku iring-iringan kene bebarengan metu saka mall. “Manggon ana ngedi ta?” “Asrama mahasiswa, Diliman?” “Cedhak karo omahku. Ayo bareng bae!” “Wah, ya matur nuwun sanget, Mas Irawan!” Aku mlongo. Dewi lan Eni kok enak bae nampa pitulungane Irawan tanpa takon panemuku.” (Gunawan, 2011:11)

Saka pethikan ing ndhuwur nuduhake nalika Irawan weneh pitulungan marang Dini, Dewi lan Eni. Nalika mari mangan es krim dumadakan irawan tumuju kasir kanggo bayari bocah telu kuwi mau. Kebeneran miturute Dewi lan Eni bisa oleh rejeki es krim gratis. Sawise kuwi Irawan nawarna tumpangan amarga asramane bocah telu kuwi sedalan karo omahe. Sekalian wae barengan supaya ngirit ongkos bocah telu kuwi mau. Ananging Dini kang ngerasa ora dijak rembugan karo Dewi lan Eni mung bisa manut pangajake Irawan supaya bisa ngeterake mulih menyang asrama kang ana ing Diliman.

3) Tanggung Jawab

Tanggung jawab yaiku menehi pangertenan kang dipunjerake marang kesanggupan kanggo nemtokake sikap marang sawijining tumindak lan gelem mikul resiko saka sawijining tumindak (Burhanudin, 1997:43). Manungsa kudu nduweni rasa tanggung jawab marang awake dhewe lan apa kang wis diprasahake marang awake dhewe kang wis dadi kuwajibané. Paraga kang nduweni sikap tanggung jawab kang ana ing novel IMTK. Bakal dijlenrehake ana ing ngisor.

“sawise ijab kabul diucapkake!
Aku kudu ngiloni menyang endi
parane sisihanku, kaya dene

prasetyaku, nadyanta menyang leng semut. Umpama aku kembang bakal dipethik saka uwit lan kudu ninggal lemah kang wis nggedhekake aku. Luhku ora bisa dak ampah. Ing mobil manten sing ngggawa menyang hotel. Nggon resepsi ora leren Irawan anggane ngerih-erih supaya aku meneng, lan ngulapi luhku kang tansah ketes” (Gunawan, 2011:146)

Saka pethikan ing ndhuwur nuduhake Dini kang nduweni tanggung jawab anyar kang kudu tansah dijaga namane amarga nalika wis mari ijab Dini sah dadi garwane Irawan artine apa kang dadi prilaku Dini bakal nggawa jenenge bojone. Kudu tansah ngugemi janji lan njaga prasetya marang pasangan. Apa kang dadi kuwajibane bojo kanggo nglayani Irawan amarga tugase wong wadon sajrone omah-omah kudu tansah mangerteni apa kang dadi kepinginane wong lanang.

4) Mandiri

Mandiri mujudake wong kang ora gumantung marang liyan. Apa kang selagine bisa ditandhangi dhewe ora bakal ngreputake wong liyan. Nglakoni panguripan tansah ngandalake awake dhewe, nduweni daya pangaribawa kanggo awake tanpa ana pitulungan saka wong liyan. Wong kang kepingin sukses uga kudu nduweni sikap mandiri, amarga sikap kang nyata dibutuhake kanggo syarat utama kanggo nggayuh apa kang

dikepingini. (2010: http://tugasavan.blogspot.com/2015/01/26_kemandirian.html). Sipat kang kaya mangkunu ana ing sajrone paraga Dini kagambar ana ing ngisor iki.

“Ing antarane kerepotan dines, aku isih bisa ngopeni omah lan masak. Sejatine irawan kebak pangerten. Yen ora repot dinese, dheweke sing resesik omah lan nyirami kembang. Sok-sok ya rerewang masak. Jare marga dipangan wong loro, dadi masake ya wong loro.” (Gunawan2011:151)

“Yen melbu esuk bareng karo irawan, mulihe sakecandhake, bisa bis kota, angkot utawa yen perlu disambung bajaj. Bola-bali irawan ngirim sopire dikon

mapag aku menyang kampus, anging tansah kapancal.” (Gunawan2011:151).

Pethikan ing dhuwur nuduhake Dini yen dheweke ora gumantung marang wong lanang. Nalika dini omah-omahan karo irawan dini ora gelem yen disusul supire. Dheweke luwih milih supaya numpak angkot tinimbang ngreputake. Ananging Irawan uga sering meksa supaya dini kuwi disusul supir wae. Dini nuduhake yen dheweke ora gumantung marang irawan amarga nyadari selagi dheweke mampu ora ngiro ngeranta-ranta marang wong lanang.

Dudutan

Saka andharan kang ana ing bab sadurunge ngenani paraga utama tumrap pernikahan sajrone novel IMTK kanthi tintingan sosiologi sastra. Sajrone karya sastra bisa mbentuk crita-crita kang ana gegayutane karo masyarakat. Pangripta minangka masyarakat ngasilake karya sastra kanggo masyarakat. Sesambungane sastra lan masyarakat bisa dideleng saka prakara-prakara saka njabane sastra kang nggayutake karo kahanan tartamtu, kayata kahanan sosial tartamtu. Urip bebrayan kang ana sajrone karya sastra oleh pengaruh saka kondisi lan situasi masyarakat. Kahanan pengarang uga oleh pengaruh saka asil karya sastra kang wis diciptakake. Dadi, antarane pangripta lan sastra nduweni gegayutan kang raket. Saka pengarang karya sastra bisa lair lan ngrembaka.

Pendekatan sosiologis duweni gegayutan karo unsur intrinsik kang mbangun karya sastra lan mentingake apa kang dadi faktor sajrone sosiologis sarta nyadari karya sastra minangka kaca benggalane masyarakat. Struktural kang dadi unsur pambangun sajrone novel kasebut anane unsur intrinsik yaiku paraga, plot/alur, tema, latar lan sudut pandang. Sajrone novel IMTK medhrakae unsur kasebut kanggo milah lan milih apa kang bakal dianalisis.

Unsur sosiologi sajrone IMTK yaiku, Perangan kang kasil dirembug yaiku unsur sosiologi sajrone novel IMTK taun 2011. unsur sosial sing ana sajrone ngenani

Prasetya Marang Pacangan, Neneklan lan Pendhidhikan, Nguri-uri Budaya Jawa. Dini kang nduweni pacangan, yaiku Hari anggong srawung wiwit SMA. Nalika kelas telu Hari ngenalake Dini karo wong tuane, sabanjure ora suwe wong tuane Hari kepingin kepriye carane supaya lulus SMA sabanjure kawin mudha lan kepingin supaya nikah siri. Ananging Dini kang kepinginane anggong sekolah gedhe nolak kepinginane wong tuane Hari. Dini kang luwih mentingake pendhidhikan tinimbang mikiri omah-omah dirasa durung cukup umur. Hari kang sabanjure dijodhokake karo wong tuane nalika Dini kuliah ana ing Manila. Sabanjure uga Dini kang tansah kelara-lara lan keranta-ranta nemokake jodhone yaiku Irawan kang kancane nalika ana ing Manila. Sajrone novel IMTK uga tansah ngugemi budaya kang Jawa kang tansah nguri-uri nalika ana ing negara manca. Nalika ana ing Manila Dini kang tansah nguri-uri kagambar saka dheweke tampil ana ing kedubes nampilake tarian gambyong . kaluwargane Irawan kang asale saka Malaysia uga tansah nguri-uri budaya Jawa kang miturute budhaya kang adiluhung.

Pramayoga

Novel Ing Manila Tresnalu Kelara-lara anggitané Fitri Gunawan iki wis nyritakake kanthi gamblang wewatake para paraga, mligine paraga utama yaiku Dini kang tansah mentingake pendhidhikan tinimbang nikah lan tansah setya njaga kesetyan marang pacangan nalika ana ing negara manca, nalika ana kang nyedhaki Dini tansah jaga atine ananging nalika kuwi pacangan Dini kang ana ing Indonesia dijodhokake wong tuane lan kepeksa ninggalake Dini, sabanjure Dini uga wis ketemu jodhone yaiku Irawan kanca nalika ana ing negara manca. Prastawa kang ana ing novel kasebut pangripta kepingin nuduhake yen sajrone masyarakat ana ing jamane saiki tansah saya maju luwih mentingake pendhidhikan lan tansah ngugemi budaya Jawa kang adiluhung. Pangripta uga kepingin kepriye anggong milih garwa lan ngabekti marang garwane.

Panliten iki muga-muga bisa wiguna marang pamaos kanggo ngripta lan nglestarekake sastra mligine sastra Jawa kang dirasa saya suwe saya ilang. Panliten iki

uga dikarepake bisa menehi sumbang sih kanggo pangrembakane pengetahuan bab karya sastra kanthi migunakake titingan sosiologi sastra. Panliten sadhar yen panliten iki isih adoh saka kasampurnan, mula pitedah kang asipat mbangun supaya luwih becik kanggo panliten isih banget diantu-antu dening panliten.

KAPUSTAKAN

Nurgiyantoro, Burhan.2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press

Purwadi.2009.*Pengkajian Sastra Jawa*.Yogyakarta: Pura Pustaka

Salam, Burhanudin. 1997. *Etika Individual: Pola Dasar Filsafat Moral*. Jakarta : Rineka Cipta

Santoso, Imam Budhi. 2011. *Laku Prihatin*. Yogyakarta: Memayu Publishing

Suseno, Franz Magnis. 2003. *Etika Jawa Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijakan Hidup Jawa*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama